# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Қаракалпақстан Республикасы Халық билимлендириў системасында руўхый-ағартыўшылық жумыслар системасын түптен жетилистириў, бул бағдарда мәмлекетлик ҳәм жәмәәтлик шөлкемлериниң бирге ислесиуйин күшейтиў ис-илажлары ҳаққында**

Мәмлекетимизде жаңа турмыс, жаңа жәмийет қурыў жолында әмелге асырылып атырған реформалар барысында руўхый-идеологиялық жумыслардың теориялық тийкары болған миллий идеяны раўажландырыў жолында Халық билимлендириў системасында алып барылып атырған руўхый-ағартыўшылық жумыслар нәтийжелилигин арттырыў, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң 2021-жыл 9-февральдағы "Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёев басшылығында 2021-жыл 19-январь күни Республика Руўхыйлық ҳәм ағартыў кенесиниң видеоселектор тәризинде өткерилген мәжлисинде белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў илажлары ҳаққында"ғы 2-санлы баянламасының ҳәмде Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 19-январьдағы "Халық билимлендириў системасында руўхый-ағартыўшылық жумыслар системасын түптен жетилистириў, бул бағдарда мәмлекетлик ҳәм жәмәәтлик шөлкемлериниң бирге ислесиуйин күшейтиў ис-илажлары ҳаққында"ғы 14-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 19-январьдағы "Халық билимлендириў системасында руўхый-ағартыўшылық жумыслар системасын түптен жетилистириў, бул бағдарда мәмлекетлик ҳәм жәмәәтлик шөлкемлериниң бирге ислесиуйин күшейтиў ис-илажлары ҳаққында"ғы 14-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 19-январьдағы 14-санлы буйрығы менен төмендегилер:

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Руўхыйлық ҳәм ағартыў кеңеси қурамы 1-қосымшасына муўапық;

Руўхыйлық ҳәм ағартыў кеңесиниң Режеси 2-қосымшасына муўапық;

тараўдағы руўхый-ағартыўшылық бағдарда әмелге асырылып атырған реформалар нәтийжелилигин мәнзилли үйрениўди әмелге асырыўшы Мониторинг

топары қурамы 3-қосымшасына муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Руўхыйлық ҳәм ағартыў кеңеси (кейинги орынларда Кеңес деп жүритиледи) қурамы 1-қосымшаға муўапық;

тараўдағы руўхый-ағартыўшылық бағдарда әмелге асырылып атырған реформалар нәтийжелилигин мәнзилли үйрениўди әмелге асырыўшы Мониторинг топары қурамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

4. **Министр орынбасары** (Ш.Таджимуратов) **2021-жылдың 15-февралына шекем** министрликтиң Руўхыйлық ҳәм ағартыў кеңеси ағзасы сыпатында Республика Руўхыйлық ҳәм ағартыў орайы Қарақалпақстан бөлими менен биргеликте руўхый-ағартыўшылық бағдарда алып барылып атырған жумысларды тереӊ үйренип, анықланған машқала ҳәм кемшиликлерди толық сапластырыў бойынша Республика Руўхыйлық ҳәм ағартыў кеңесиниң мәжилислерине мәселелер киритилиўин ҳәм мәжилислердиң шөлкемлестирилиўин тәмийинлесин.

5. **Кеңестиң жуўапкер хаткери** (Р.Танирбергенов)**не:**

Кеңестиң турақлы түрде ис жүритиўи, оның жыйналысларын шөлкемлестириў ҳәм тараўда бул бағдарда әмелге асырылып атырған жумыслар нәтийжелилигин турақлы түрде қадағалап барыў;

руўхый-ағартыўшылық жумыслар, социаллық-руўхый орталықты және де саўалландырыў, жынаятшылықтың алдын алыў, жаслар тәрбиясы ҳәм олардың идеологиялық иммунитетин беккемлеў сыяқлы мәселелерди Кеңес жыйналысы күн тәртибине киритип барыў;

улыўма билим бериў мәкемелерине жаслар сиясаты, руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия бағдары бойынша жумысларды мониторинг етиў ҳәм улыўма билим бериў мектеплериниң бул бағдардағы рейтингин анықлаў ўазыйпалары жүклensin.

6. **Руўхый, әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими** (Р.Танирбергенов), **Кадрлар бөлими** (С.Жуманиязов), **Республикалық оқыў-методикалық орайы** (Қ.Жубанов)на:

**2021-жыл февраль айынан** министрлик системасында руўхый-ағартыўшылық, тәрбиялық жумыслар бағдарындағы реже ҳәм бағдарламаларды Республика Руўхыйлық ҳәм ағартыў орайы Қарақалпақстан бөлими менен биргеликте ислеп шығыў әмелиятын жолға қойыў;

**2021-жыл февраль айынан** Республика Руўхыйлық ҳәм ағартыў орайы Қарақалпақстан бөлими менен биргеликте улыўма орта билим бериў мәкемелери директорларының руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасарларын район (қала)лық руўхыйлық ҳәм ағартыў бөлими усынысына тийкарланып лаўазымға тайынлаў әмелиятын жолға қойыў;

**бир ай мүддетте** улыўма билим бериў мектеплеринде 5-класстан баслап бирден-бир класс басшысын бириктириў тәртибин енгизиў ҳәмде бул лаўазымға

талабанларды сайлап алыўда Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен ислеп шығылған реже бойынша әмелге асырыў;

министрлик ҳәм кәрханалар ортасында руўхый-ағартыўшылық ҳәм тәрбиялық жумысларды үлгили жолға қойыў бойынша дәстүрий түрде өткерилетуғын **«Ең үлгили район», «Ең үлгили министрлик», «Ең үлгили мәкеме»** таңлаўларын Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен ислеп шығылған режелер тийкарында шөлкемлестириў;

**үш ай мүддетте** "Руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия бағдарламасы"на усынслар ислеп шығыў ҳәм Республика Руўхыйлық ҳәм ағартыў орайына усыныў ўазыйпалары тапсырылсын.

7. **Барлық район (қала)лық халық биилимлендириў бөлими баслықлары ҳәм республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

бир ҳәпте мүддетте министрликтиң Руўхыйлық ҳәм ағартыў кеңеси режесинен келип шыққан ҳалда барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлериниң, республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелериниң ҳәмде ҳәр бир улыўма орта билим бериў мектеплериниң Руўхыйлық ҳәм ағартыў кеңесин дүзиў;

билимлендириў мәкемесиндеги жаслар сиясаты ҳәм руўхый, әдеп-икрамлылық тәрбия бағдары бойынша барлық жумысларды Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 29-январьдағы 14-санлы буйрығының 3-қосымшасындағы реже тийкарында орынланыўын тәмийинлеў;

бул бағдарда әмелге асырылған жумыслар бойынша ҳәр шерек жуўмағында (кейинги шеректиң 5-сәнесине шекем) министрликтиң Руўхый, әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлимине мағлыўмат киритип барыў;

**Республикалық Руўхыйлық ҳәм ағартыў орайының** район (қала)лық руўхыйлық ҳәм ағартыў кеңеслери менен биргеликте:

**2021-жыл февраль айынан** улыўма орта билим бериў мәкемелери директорларының руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасарларын район (қала)лық руўхыйлық ҳәм ағартыў орайы усынысына тийкарланып лаўазымға тайынланыўын шөлкемлестириў;

**2020/2021-оқыў жылынан баслап** улыўма орта билим бериў мәкемелери директорларының руўхый-ағартыўшылық ислери бойынша орынбасарларын оқыў жылы жуўмағы бойынша район (қала)лық руўхыйлық ҳәм ағартыў кеңесине есабат бериўин ҳәм нәтийжесине қарап олардың жумысына баҳа берип барылыўын қадағалаў ўазыйпалары жүкленсин.

8. **Финанслық анализ ҳәм режелестириў бөлими** (Т.Утепов) **2021-жыл 1-январьдан** баслап барлық улыўма орта билим бериў мәкемелерине жаслар жетекшиси лаўазымы 1 штат бирлиги есабынан сақланыўы ҳәм январь айы ушын бул лаўазым ийелерине айлық ис ҳақы бир ставка есабынан төлениўин қадағалаўға алсын.

9. **Бухгалтериялық есап ҳәм мәмлекетлик буйыртпалар бөлими** (Г.Бекмуратова)не:

**барлық улыўма орта билим бериў мәкемелерин** “Тафаккур”, “Жаҳон адабиёти”, “Маънавий ҳаёт”, “Шарқ юлдузи”, “Әмиўдәрья” ҳәм “Сәнийат” журналларына жыллық жазылыў ҳәмде бул дәўирлик баспалардың билимлендириў мәкемелериниң китапханалары ҳәм мәлимлеме-ресурс орайларында турақлы түрде сақланыўын тәмийинлеў ушын мәмлекетлик бюджеттен қаржы ажыратылыўы бойынша Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигине усыныс киритиў;

**Финанслық анализ ҳәм режелестириў бөлими** (Т.Утепов) менен биргеликте **2021-жылдың 1-февралынан** баслап ҳәр бир улыўма орта билим бериў мәкемесинде Өзбекстан Жазыўшылар аўқамы ҳәмде Жоқары оқыў орынлары тәрепинен усыныс етилген белгили шайыр, жазыўшы, журналист ҳәм дөретиўшилер, жоқары оқыў орынларының социал гуманитар кафедраларының профессор ҳәм оқытыўшыларды тартыў ушын қосымша ярым штат бирлигинде Дөретиўши-мәдений маселелер бойынша үгит-нәсиятлаўшы лаўазымын енгизиў ҳәмде усы мақсетте мәмлекетлик бюджеттен жетерли қаржы ажыратылыўы бойынша Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги менен тийисли ис-илажларды әмелге асырыў ўазыйпасы жүклeнсин.

10. **Министрликтиң баспа сөз хаткери** (Т.Даўлетмуратов) барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәмде республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорлары менен биргеликте әмелге асырылып атырған жумысларды кең жәмийетшилик ортасында турақлы түрде жарытып барсын.

11. **Руўхый, әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими** (Р.Танирбергенов)не:

**февраль айы даўамында** Дөретиўши-мәдений мәселелер бойынша үгит-нәсиятлаўшылардың билимлендириў мәкемесинде әмелге асыратуғын жумыслары бағдары ҳәм мазмунын белгилеў, олар ушын методикалық қолланба жаратыў ҳәмде хызметин нәтийжели жолға қойыў мақсетинде арнаўлы оқыў семинарын шөлкемлестириў бойынша Республикалық Руўхыйлық ҳәм ағартыў орайына усыныс киритиў;

**бир ай мүддетте** Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳәм Мәдений министрлиги тәрепинен биргеликте ислеп шығылған улыўма орта билим бериў мектеплериндеги “Жаслар театр студиялары” ушын сахна шығармаларының жаслар тәрбиясындағы ролин арттырыўға қаратылған сценарийлерден пайдаланып илажлар шөлкемлестирилиўин тәмийинлеў;

**бир ай мүддетте** өзбек ҳәм қарақалпақ бақсышылық көркем-өнерин жас әўлад қәлбине сиңдириў ҳәм халық арасында кең үгит-нәсиятлаў бойынша ис-илажлар бағдарламасына усынысларды ислеп шығып, Қарақалпақстан Республикасы Мәдений министрлигине усыныў;

усы буйрықтың орынланыў жағдайы мониторингин жүритиў ҳәм сораўға муўапық жоқары турыўшы шөлкемлерге мәлимлеме киритип барыў ўазыйпалары жүклensин.

12. **Атқарыў тәртиби ҳәм мүрәжатлер менен ислесиў бөлими** (Қ.Бекбаўлиев)ке:

усы буйрықтағы тапсырмалардың орынланыўын өз мүддетлеринде орынланыўы бойынша қатаң қадағалаў;

усы буйрықты бир **күн мүддетте** министрликтиң бөлимлерине, барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине, республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелерине жеткерилиўин тәмийинлеў ўазыйпасы тапсырылсын.

13. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды өзимде қалдыраман.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл "5" феврал,
33-сан

Қарақалпақстан Республикасы Халық биилимлендириў
министриниң 2021-жыл 5 -февральдағы
33 -санлы буйрығына 1-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң Руўхыйлық ҳәм ағартыў кеңеси қурамы**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Р.Реимов | - | министр, **Кеңес баслығы** |
| 2. | А.Худайбергенов | - | Министрдиң биринши орынбасары, **Кеңес баслығының орынбасары** |
| 3. | Р.Танирбергенов | - | Руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими баслығы, **Кеңестиң жуўапкер хаткери** |
| **Ағзалары:** | | | |
| 4. | Ш.Таджимуратов | - | Министр орынбасары |
| 5. | Ә.Еримбетов | - | Методикалық хызмет бөлими баслығы |
| 6. | Қ.Бекбаўлиев | - | Атқарыў тәртиби ҳәм мүрәжатлер менен ислесиў бөлими |
| 7. | С.Жуманиязов | - | Кадрлар бөлими баслығы |
| 8. | А.Аймуратов | - | Балаларды социаллық қорғаў ҳәм қоллап-қуўатлаў секторы баслығы |
| 9. | Е.Нуртаев | - | Оқыўшыларды кәсип-өнерге бағдарлаў ҳәм психологиялық-педагогикалық, диагностика бөлими |
| 10. | Т.Даўлетмуратов | - | министрликтиң баспасөз хаткери |
| 11. | М.Хожаназаров | - | Министрликтиң юрист консулы |
| 12. | Қ.Жубанов | - | Республикалық оқыў-методикалық орайы |
| 13. | З.Сейтниязова | - | Республикалық балалар китапханасы директоры |

***Еслетпе:*** *Исши топар ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда, оның орнына бул лаўазымға жаңадан тайынланған ямаса жуўапкершилигине тийисли функцияларды орынлаў жүклетилген шахслар киритиледи.*

Қарақалпақстан Республикасы Халық биилимлендириў
министриниң 2021-жыл _5_-февральдағы
_33_-санлы буйрығына 2-қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў системасындағы руўхый-ағартыўшылық бағдарда әмелге асырылып атырған реформалар нәтийжелилигин мәнзилли үйрениўди әмелге асырыўшы Мониторинг топары қурамы**

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Ш.Таджимуратов | - | Халық биилимлендириў министри орынбасары, топар баслығы |
| 2. | Б.Диланов | - | Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў аймақлық орайы директоры, топар баслығы орынбасары |
| 3. | И.Медетов | - | Руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими қәнигеси, хаткер |
| | | **Ағзалары:** | |
| 4. | П.Ақназаров | - | Нөкис қалалық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 5. | Р.Матқурбанов | - | Әмиўдәрья районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 6. | И.Реймов (ў.а.) | - | Беруний районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 7. | Д.Иззетуллаев | - | Қараөзек районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 8. | Т.Крықбаев | - | Қанлыкөл районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 9. | А.Алланязова | - | Кегейли районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 10. | М.Жуманазаров (ў.а.) | - | Қоңырат районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 11. | М.Аметов | - | Мойнақ районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 12. | Т.Оразбаев | - | Нөкис районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 13. | Б.Жаримбетов | - | Тахтакөпир районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 14. | Д.Атаджанов | - | Төрткүл районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 15. | К.Файзуллаева | - | Хожели районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 16. | Э.Мамбеткаримова | - | Шымбай районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 17. | О.Султамуратов | - | Шоманай районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 18. | С.Орынбаев (ў.а.) | - | Тақыятас районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |
| 19. | А.Ходжаметов | - | Бозатаў районлық халық билимлендириў бөлими баслығы |

**Еслетпе:**
1. Зәрүр жағдайларда Мониторинг топары қурамына өзгерис киритилиўи мүмкин.
2. Мониторинг топары ағзаларының хызмет сапары менен байланыслы қәрежетлер олардың тийкарғы жумыс орынларынан қапланады.
3. Ҳәр бир ағза орынлаған жумысы бойынша жазба (қол қойылған ҳалда) мағлыўматнама береди.